

PrEP ci Laaj: Ab Téere tegtal ngir jëfandikukat



PrEP ngir Fagaru ci VIH

Prophylaxie bunu teela jog (pre-exposure prophylaxis, PrEP) garab la gu wóor gu baax ci fagaru ci VIH. Jäppandina ne doom bu nuy jël bis bu nekk wala ñu koy pikiir ñaari weer yu nekk.

Jël PrEP ci Laaj

Góor ñiy téddee góor mën nañu jëfandikoo PrEP “ci laaj,” di naan doomi PrEP balaa ak ginaaw ñuy sëy. PrEP ci laaj mën na nekk tannéeef bu baax ci góor ñiy téddee góor ñi te nuy:


- Sëy yenn saay
- Mën nanu waaj laata ñuy sëy

Góor ñiy téddee góor kese lañu jàngat ba noppi digal leen ñu jël PrEP. PrEP ci laaj dafa baax lool ci wàllu fàggu VIH ci wàllu sëy jaare ko ci awra bi ci ginnaaw. Mën na baña tere am VIH ci diiru sëy jaare ko ci kanamu jigéen te Truvada ak generic bi kese lañu jëfandikoo ci jàngat bi.

2-1-1 Tërëlin

Soo sèyee ak nit benn yoon, jëlal:

- 2 doom 2 ba 24 waxtu laataa ngeen di sëy (doos bu njëkk bi)
- 1 doom 24 waxtu ginaaw doos bu njëkk bi
- 1 doom 48 waxtu ginaaw doos bu njëkk bi



Soo wéyee di téddee lu ëpp 24 waxtu ginaaw bi nga jëlee doos bu njëkk bi, wéyal di naan benn doom 24 waxtu yu nekk ba nga naan ñaari doom ginaaw bi nga mujjee sèyee ak nit. Nanga jël doos bu nekk niñu ko tërëlee.

Nanga Jël Doos bu Nekk niñu ko Tërëlee

- Sudee motul ñaari waxtu bi nga jëlee sa doosu PrEP, jëfandikool kawas wala nga xaar balaa ngay sëy.
- Fexeel naan doos yi bis bu nekk ci diiru ñaari fan ginaaw bi nga mujjee sëy.
- Defal ay fàttalikaay ci sa telefon wala ci sa almanak ngir jël doos bu nekk.
- Soo ñàkkee jël benn doos, prophylaxie ginaaw bi nga sëyee (post-exposure prophylaxis, PEP) mën nala fàggul VIH ginaaw bi nga sëyee. NYC PEP ci saasi wooteel (NYC PEP Hotline) 24/7 ci 844-3-PEPNYC (844-373-7692).

PrEP ci laaj dafay baax lool ci wàllu fàggul VIH sudee dangay jël doos bu nekk nga jëfandikoo ko saa yu ngay sëy.

Xam ndax PrEP ci laaj moo Baax ci Yaw

Garabu PrEP yi dañul jël diir bu gëna yàgg ngir dugg ci deru awra kanam bu jigéen wala deret tisu vaginal bi wala deret ji sunu ko mengalee ak deru awra ginnaaw. Nit ñi am sëy bu baax ci wàllu awra kanam wala ñuy jëfandikoo dorog dañu wara naan bis bu nekk benn doomu PrEP wala PrEP buñ mënna pikiir.

Góor ñiy téddee góor mën nañu jël PrEP bis bu nekk wala jël PrEP suñu ko laajee. Waxtaan ak sa fajkat mu xool ci yan moo gën ci yaw.

Waxal ci bépp Njeexital

Garabi PrEP mën nañu indi yeneen jafe-jafe yu woyof, lu ci melni xel mu teey, biir buy woñaaru, coono, ak boppu buy metti. Njeexital yooyu dañuy faral di wér wala ñu dem ci weer wi njëkk ci jël PrEP Waxtaan ak sa fajkat sudee jafe-jafe yi wéy di la sonal.

- Ngir moytu xel mu teey, naan PrEP ak sàndiis. Ngir xel mu teey bi baña feeñ, nanga jël PrEP balaa ngay nelaw. Soo béggee féexal xel mu teey, jéemal lekk bonbon ginger wala ataaya mente.
- Soo béggee wàññi ngelawal bi wala gonngoor gi, jéemal jëfandikoo garab guy wàññi ngelawal bi te soxlawul ordonaas.
- Soo amee ginaaw kër yu ndoxe yu lay sonnal, jéemal jël ay fercent yuy dëgërël.

Ngir am ci yeneen leeral ak yeneen tegtali jëfandikukat, demal ci nyc.gov/health/hiv wala nga eskane kodu QR bi.

